

Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ENTÈDI TRIBINAL YO REFIZE
ADOPSYON POU PETISYONÈ KE YO DEJA LEGALMAN REKONÈT ANTANKE
PARAN TIMOUN NAN**

Cuomo: "Tout paran merite menm dwa ak menm rekonesans anba lalwa - pwen final - epi li enkonsyan ke sa se pa ka a nan tout kwen nasyon sa a".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li te siyen lejislasyon (S.3999/A.460) ki entèdi tribinal Eta New York yo refize adopsyon timoun pou petisyonè ki yon paran ki deja rekonèt legalman sèlman sou baz sa. Pwojè lwa a pwoteje paran ki pa te gen non yo sou batistè a, koup omoseksyèl, ak paran ki te gen yon timoun atravè matènite sibstitisyon yo kont refi yon adopsyon lè paran kap fè petisyon an deja rekonèt kòm paran timoun lan.

"Tout paran merite menm dwa ak menm rekonesans anba lalwa - pwen final - epi li enkonsyan ke sa se pa ka a nan tout kwen nasyon sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo pwoteksyon sa yo pral ede asire ke tout fanmi yo trete ak ekite e egalite e ke okenn paran pa rankontre baryè ki pa rezonab nan yon tribinal lalwa."

"Nou rekonesan pou inonbrabl koup omoseksyèl ki bay timoun atravè New York yon fwaye akeyan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Aksyon jodi a pral pwoteje dwa koup sa yo epi pwomote angajman nou plis toujou pou asire egalite pou kominote LGBTQ a."

Senatè Brad Hoylman te deklare, "Pandan ke lwa New York yo bay pwoteksyon legal fò pou fanmi LGBTQ yo tankou pa mwen an, malerezman sa a se pa ka a tout kote. Avèk adopsyon lwa sa a, nou ap reyafime ke paran ki pa byolojik yo gen aksè a pwosedi adopsyon yo nan chak tribinal New York, menm si lwa eta a deja rekonèt yo kòm paran legal timoun yo. Lè nou pèmèt adopsyon sa yo, nou bay paran ki ap vwayaje oswa k ap demenaje andeyò Eta New York opòtinite pou kenbe fanmi yo legalman an sekirite. Mwen remèsye lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Senatè Velmanette Montgomery, ak Manm Asanble Amy Paulin pou travay yo nan adopsyon lejislasyon enpòtan sa a, ak Gouvènè Cuomo pou sipò kontinyèl li pou kominote LGBTQ a".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Malgre lefèt ke jij yo deja gen kapasite pou akòde petisyon adopsyon yo epi regilyèman fè sa, gen de fwa yo te refize petisyon sa yo, sa ki lakòz sipriz ak estrès ensètitud pou koup omoseksyèl yo. Avèk lwa sa a, nou bay yon garanti ak sekirite dwa paran yo rekonèt, alafwa New York ak nan lòt jiridiksyon yo".

Pandan ke yo prezime konjwen yon fanm ki akouche yon timoun se paran timoun nan, koup omoseksyèl twouve yo nan yon pozisyon legalman delika lè yo vwayaje deyò Eta

New York, nan kote ki pa konplètman respekte dwa paran ki pa biyolojik yo. Dapre nouvo lwa a, yon adopsyon New York ap onore nan yon lòt jiridiksyon. Sa bay timoun yo sekirite ke tou de paran yo pral legalman rekonèt tout kote manm fanmi yo ka ye.

Dapre lwa ki egziste deja a, jij yo regilyèman akòde adopsyon a petisyonè yo ki se yon paran yon timoun ki legalman rekonèt. Sepandan, tribinal yo kèk fwa te refize yon adopsyon pou yon koup omoseksyèl.

Pwojè lwa sa a kodifye lalwa ki egziste deja pou deklare klèman ke yon petisyon pou adopte pa dwe refize sèlman sou baz ke moun ki fè petisyon an deja legalman rekonèt, pou asire aksè koup pou adopsyon sa yo pa ka anpeche pa yon desizyon tribinal nan lavni.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)